PATOKANIPOEN BASA DJAWI KASERAT AKSARA 'ARAB (PEGON).

JASANIPOEN
NITISASTRO
Gep: Schoolopziener
ING DJOMBANG.

Kaetjap lan kawedalakan dening:
DRUKKERIJ & BOEKHANDEL
„PENELEH"
PENELEH 74 SOERABAJA.
1933.



PATOKANIPOEN BASA DJAWI KASERAT AKSARA 'ARAB (PEGON).

JASANIPOEN
NITISASTRO
Gep: Schoolopziener
ING DJOMBANG.

Kaetjap lan kawedalakan dening:
DRUKKERIJ & BOEKHANDEL
„PENELEH"
PENELEH 74 SOERABAJA.
1933.

ISINIPOEN:

PATOKANIPOEN BASA DJAWI KASERAT AKSARA 'ARAB (PEGON).

JASANIPOEN
NITISASTRO
Gep. Schoolopziener
ING DJOMBANG

Kaetjap lan kawedalakan dening:
DRUKKERIJ & BOEKHANDEL
„PENELEH"
PENELEH 74 SOERABAJA.
1933.

BEBOEKA.

Sintena kémawon ingkang sampoen maos serat Djawi warni-warni seratan 'Arab, temtoe ladjeng saget mastani, bilih tjaranipoen njerat béda-béda. Bédaning panjerat waoe ndjalari rendeting pamaos. Mila preloe seratanipoen satoenggal-toenggaling basa katetepaken, soepados para maos boten tansah nggalih dateng seratanipoen, saged rikat pamaosipoen sarta nggalih dateng isinipoen. Nadyan sampoen wonten patokanipoen, éwadéné taksih wonten ingkang bentjeng tjoewèng, saweñéh boten tjotjok panggalihipoen, wonten ingkang boten poeroen njinaoni, kadosta basa Djawi kaserat aksara Djawi oetawi Latin, nadyan Goepremèn sampoen netepaken, para saged taksih béda - béda anggènipoen njerat, langkoeng-langkoeng toemrap ingkang boten marsoedi. Tarkadang temboeng satoenggal, anggènipoen njerat ing satoenggaling boekoe, boten sami; kadadosan makaten poenika djalaran tanpa patokan. Pramila inggih preloe dipoen wontenaken patokan waoe.

Ing ngriki koela miwiti jasa, moegi-moegi wontena faédahipoen.

Boten langka, bilih wonten sadèrèk ingkang boten moefakat dateng patokan poenika. Panjoewoen koela, kersaa paring katrangan, ing tembé badé kawewahaken oetawi kaéwahan, menawi serat poenika dipoen tjap malih.

Salam ta'lim koela

Ns.

Djombang:

November 1932.



PATOKANIPOEN
BASA DJAWI KASERAT AKSARA 'ARAB

I

AKSARA.

Nitik ingkang sampoen-sampoen, manawi satoenggaling basa kaserat ing aksara sanès, limrahipoen ingkang kanggé waton aksaranipoen toewin paketjapanipoen, dados kalih-kalih pisan dipoen anggé, mitoeroet kapreloeanipoen.

Pakoelinan makaten poenika oegi dipoen anggé toemrap serat poenika.

Amrih gampilipoen, langkoeng roemijin dipoen wiwiti saking aksara, toemoenten panganggénipoen (sandangan), ater - ater saladjengipoen

Oeroet - oeroetanipoen aksara poenika dipoen tata mitoeroet tjarakan Djawi, kados ing ngandap poenika :

1.	ha-a	هـ ا
2.	na	ن
3.	tja	چ
4.	ra	ر
5.	ka	ك
6.	da	د
7.	ta	ت
8.	sa	س
9.	wa	و
10.	la	ل
11.	pa	ڤ
12.	ḍa	ڎ
13.	dja	ج
14.	ja	ي
15.	nja	ڽ
16.	ma	م
17.	ga	ڮ
18.	ba	ب
19.	ṭa	ڟ
20.	nga	ڠ

Aksara **h**. alpa prana (swaranipoen èntèng) kagantos ا. manawi dados poerwaning temboeng; sanésipoen kagantos هـ. poenapa malih **h**. maha prana (swaranipoen anteb), boten mawi kabédakaken ing temboeng lingga oetawi andahan, preloenipoen namoeng nggampilaken waosan (seratan).

Temboeng - temboeng ing ngandap poenika, manawi kaserat ing aksara Djawi ngganggé aksara **h**, nanging swaranipoen énténg:

hapa	swaranipoen	apa	- اڤا
hapoe	,,	apoe	- اڤو
mahoe	,,	maoe	- ماهو
bahé	,,	baé	- باهي
lahos	,,	laos	لاهوس

Aksara **h** ing ngandap poenika swaranipoen anteb

hawa	swaranipoen	hawa	-	هاوا
maha	„	maha	-	ماها
toehoe	„	toehoe	-	توهو

Nitik aksara **tj**. **nj**. toewin **ng**, tengeripoen kalimrah mawi titik 3, prajoginipoen aksara **p**, **ḍ**. **g** sarta **ṭ** katjetakaken mawi titik 3 oegi, amrih roentoetipoen toer gampil dipoen èngeti, ڟ ڮ ڊ ڤ - ڠ پ چ.

* * *

Aksara Djawi poenika wonten aksaranipoen „m o e r d a" (aksara ageng), inggih poenika: n, k, t s, p, g, b.

Ing sarehning aksara Arab poenika boten wonten aksaranipoen moerda, dados aksara moerda Djawi poenika boten wonten gantosipoen, tjekap kagantos saroepi kalijan aksaranipoen alit: ب ڮ ڤ س ت ك ن.

I I
AKSARA SWARA.

Kadjawi tjarakan ingkang katerangaken ing bab I, wonten malih „aksara swara", swaranipoen kados **h** alpa prana (èntèng):

1.	a	ا
2.	i	اي
3.	é	اي
4.	oe	او
5.	o	او

III
SANDANGAN SWARA.

1. Aksara Djawi, swara â sarta a poenika boten mawi tanda, bèda kalijan Arab, mawi tanda ا، kanggé nggampilaken waosan.

2. Swara i-é-è tandanipoen sami kemawon [ي]; sawenèh ي poenika kawewahan tanda ـــ, dados يـ، oengelipoen é oetawi è

3. Makaten oegi oe - o - ò sami kèmawon tandanipoen (و)؛ و kawewahan ـــ dados ـو، oengelipoen o oetawi ò.

4. Kanggè nedahaken swara a, i oe, manawi boten nganggè ا ي و. kagantos ـَ ـِ ـُ.

5. Swara e boten wonten gantosipoen; kanggé nerangaken swara poenika, limrahipoen makaten: ـ.

Ing serat - serat, tanda warni kalih poenika limrahipoen dipoen anggé kalih - kalihipoen pisan, terkadang karangkep, kadosta :

ikoe kaserat ايكو

katrangan „ كاترڠان

Makaten poenika tjeta, nanging ngaping kalih damel toer ngrendetaken tijang njerat

Pamrajogi koela, tanda ـَـ ـِـ ـُـ lan sapanoenggilipoen poenika boten preloe dipoen anggé; kadjawi kanggé njerati temboeng Arab oetawi sanésipoen temboeng mantja.

Dados ingkang kanggé mligi aksara swara kémawon.

Swara i - é - è boten mawi kabedakaken tandanipoen (ى); temboeng - temboeng ingkang kadoenoengan swara poenikn badé tjeta pijambak ing salebeting oekara. Manawi mligi kaserat temboeng kemawon, kala mangsa saged kawaos warni kalıh. kalih-kalihipoen mawa teges, kadosta :

فيڤي	-	pipi	-	pépé.
بيبيء	-	bibik	-	bèbèk.
تيتيس	-	titis	-	tèlès.

Makaten oegi swara oe - o - ò, kadosta :

سورا	-	soera	-	sora
كالوڠ	-	kaloeng	-	kalong.
بوبوت	-	boeboet	-	bobot.

IV

SANDANGAN AKSARA.

Temboeng Djawi poenika katah ingkang oengelipoen dipoen rangkepaken ; manawi aksara ingkang karangkepaken poenika r. w lan j. ladjeng dipoen gantos woedjoed sanès. Gantosing woedjoed moeroegaken kasoekanan nami pijambak: sandangan tjakra. tjakra keret lan pèngkal.

(Gantosing woedjoed **w** boten wonten naminipoen, awit woedjoedipoen sami kalijan pasanganipoen).

1.	. . . r	ر . . .	braja	-	برايا
2	. . . re	ر . . .	trima	-	تريما
3.	. . . w	و . . .	drengki	-	درڠكي
4	. . . j	ى . . .	preloe	-	ڤرلو
			swara	-	سوارا
			kwatji	-	كواچي
			kjai	-	كياهي
			lagia	-	لاڬيا

Aksara ingkang karaketan **r** toewin **re** poenika gadah swara **e**, nanging méh boten katawis (manda-manda), awit swaranipoen kasarengaken ; mila seratanipoen aksara 'Arab boten mawi dipoen tandani ~.

braja	-	beraja.
trima	-	terima.
drengki	-	derengki.
preloe	-	pereloe.

Kosok wangsoel kalijan temboeng :

kera	boten kaoengelaken	kra.
kerik	„ „	krik.
seroe	„ „	sroe.
sereng	„ „	sreng.

Seratanipoen 'Arab inggih boten mawi ~

سرڠ سرو كريك كرا.

Aksara l inggih sok dipoen rangkepaken oengel ipoen :

klapa — كلاڤا

gloentoeng — ڮلونتوڠ

Aksara ک toewin ڮ boten dipoen soekani ~, makaten oegi seratanipoen :

kela boten mawi ~ dados كلا

deleng „ „ ~ „ دلڠ

V

PANJIGEGING WANDA.

Wanda sigeg, inggih poenika wanda ingkang medjahi aksara sanès; manawi ingkang pedjah poenika aksara h, r toewin ng, ladjeng dipoen woedjoedi sanès (wignjan, lajar, tjetjak), wondene sanèsipoen dipoen wewahi tanda patèn. Tanda-tanda poenika kawastanan „sandangan panjigeging wanda".

Ing seratan Arab boten wonten sandangan makaten poenika; aksara ingkang pedjah dipoen tengeri ◦ oepami :

omah – اوماهْ

karso – كارْسا

timbang – تيمْباڠْ

djaran – جارانْ

Estoenipoen tanda _•_ poenika boten preloe dipoen anggé, awit sampoen terang, dados temboeng - temboeng poenika tjekap kaserat :

اوماه كارسا تيمباڠ جارن.

VI

ATER - ATER ANOE SWARA.

Ater - ater poenika wonten sekawan :

1. an (n) ان (ن)
2. am (m) ام (م)
3. anj-an (nj) ان (پ)
4. ang (ng) اڠ (ڠ)

Ing paketjapan aksara a poenika limrahipoen boten kapireng swaranipoen, kadosta :

andeleng	ing	paketjapan	ndeleng.
amboeroe	„	„	mboeroe.
andjoepoek	„	„	ndjoepoek.
anggaroe	„	„	nggaroe.

Toemrap seratan Arab prajogi a poenika dipoen serat, namoeng ketjapipoen (pamaosipoen, oengelipoen) boten kapireng.

andeleng kaserat	اندلغ	boten	ندلغ	oengelipoen:		ndeleng
amboeroe	„	امبورو	„	مبورو	„	mboeroe
andjoepoek	..	انجوفوء	..	نجوفوء	„	ndjoepoek
anggaroe	..	اڠڮارو	..	ڠڮارو	„	nggaroe.

toekoe	dados	noekoe	(n)	-	نوكو
pidjet	..	midjet	(m)	-	ميجت
sambel	„	njambel	(nj)	-	پامبل
koko	„	ngoko	(ng)	-	ڠوكو

VII

ATER - ATER SANÈSIPOEN.

1.	a	ا	agawé	-	اڮاوي
2.	ka	كا	kaoedi	-	كاودي
3.	ke	كٓ	keplajoe	-	كڤلايو
4.	sa	سا	saketi	-	ساكطي
5.	soe	سو	soenjata	-	سوپاتا
6.	wi	وي	wibawa	-	ويباوا
7.	pa	ڤا	paidon	-	ڤايدون
8.	pi	ڤي	piandel	-	ڤياندل
9.	pra	ڤرا	pradjandjian	-	ڤراجانجيان
10.	pri	ڤري	prikantja	-	ڤريكنچا

11.	ma	ما	magoeroe	-	ماڬورو
12.	dak	داء	dakgawa	-	داءڬاوا
13.	kok	كوء	kokidak	-	كوءإيداء
14.	di	دى	diamboe	-	دى أمبو
15.	koema	كوما	koemawani	-	كوماوانى
16	kami	كامي	kamipoeroen	-	كاميڤورون
17.	kapi	كاڤي	kapirangoe	-	كاڤيراڠو

Ater - ater كوما دى كوء داء ما ڤرا ڤا سو سا كا ا panjeratipoen kapisah kalijan temboeng ingkang karaketan, sanèsipoen prajogi kagandèng.

VIII
PANAMBANG.

1.	a	اـ ه	matjaa	-	ماچاها
2.	i	اي	balia	-	باليا
3.	ana	انا	toekoea	-	توكوا
4.	é	اى	rénéa	-	رينيا
5.	aké	اكى	ronoa	-	رونوا
6.	an	ان	golèka	-	ڬوليكا
7.	en	ان	didjoepoeki	-	دي جوڤوئي
8.	na	نا	pakanana	-	ڤاكانانا

9. koe		كو	sawahé	-	ساواهى
10. moe		مو	disawatake	-	دي ساواتاكى
			panganan	-	ڤاڠانن
ombénen	-	اومبينن	praoekoe	-	ڤراهوكو
golèkna	.	ڬوليكنا	tahoemoe	-	تاهومو

IX
PATOKAN.

Oengelipoen satoenggal - toenggaling wanda, menga oetawi sigeg, katerangaken mawi sandangan swara ا ى و, boten mawi tanda ـَـ ـِـ ـُـ ingkang swaranipoen e, inggih boten mawi tanda ـٓـ.

Aksara ingkang pedjah boten preloe mawi ـْـ.

A. TEMBOENG LINGGA.

1. Njawonda :

ing	-	ايڠ	gèk	-	ڬيء
kang	-	كاڠ	nèk	-	نيء
ta	-	تا	rak	-	راء
pak	-	ڤاء	bok	-	بوء
dak	-	داء	kok	-	كوء

Temboeng lingga sigeg k, swaranipoen èntèng, aksara k, poenika kagantos ء (hamzah).

2. *Ngalih wanda :*

a. isi - ايسي obah - اوباه
éman - ايمان banter - بانتر
emoh - اموه domba - دومبا
oedek - اودڊك soember - سومبر

b. *ana, ajo.*

Mestinipoen kaserat اانا اايو. ا ingkang ngadjeng poenika aksara, ingkang wingking sandangan ا kaserat djèdjèr makaten poenika boten kalimrah: ا sandangan ladjeng kairingaken ing sanginggiling aksara, dados : آنا آيو.

Limrahipoen ا miring poenika boten kaserat, kantoen انا ايو.

c. *ija - bijoeng.*

Mestinipoen kaserat ايا. بييوڠ. ى rangkep (djèdjèr) kalih poenika, sanadijan pangkatipoen sanes-sanes (ngadjeng ى sandangan, wingking ى aksara). limrahipoen ى poenika kaserat sapisan kémawon. kadokokan tanda rangkep ـّـ, dados : ايّا. بيّوڠ.

Amrih gampilipoen tjeta, tanda ـّـ poenika boten preloe kaserat, dados tetep kaserat kados ingkang wiwitan : ايا. بيوڠ.

pijik - jijik.

serataniipoen فيئي بيت

d. *oewa - goewing.*

kaserat : اووا ڮوويڠ

woewoe - soewoek.

seratanipoen : ووو سوووء

3. *Nigang wanda oetawi langkoeng.*

nagara	-	ناڮارا	mangkono	-	ماڠكونو
boewana	-	بووانا	Banjoewangi	-	باپوواڠي
santosa	-	سانتوسا	widodari	-	ويداداري

A. TEMBOENG ANDAHAN.

1. Seselan .

in.	pilih	-	pinilih	-	ڤينيليه
oem.	saoer	-	soemaoer	-	سوماهور
...r = er.	gandoel	-	grandoel	-	ڮراندول
...l = el.	gereng	-	glereng	-	ڮلرڠ

2. *Dwi lingga.*

moelèt-moelèt - موليت٢

tangis-tangis - تاڠيس٢

lor - loro - لورو ٢
moelat - moelèt - مولات موليت
tongas - tangis - توڠاس تاڠيس

Temboeng dwi lingga djedjer prajogi kaserat mawi angka kalih (٢).

3. Dwi poerwa

kajoe - kakajon oengelipoen kekajon - ککايون
goejoe - goegoejoe „ gegoejoe - ڮڮويو
kili - kikili „ kekili - ککيلي
bodo - bobodo „ bebodo - ببودو
soehoen - soesoehoenan - سوسوهونان

4. Temboeng ingkang pikantoek ater-ater ae t.wi pan.mbang.

Sampoen katerangaken ing bab VI, VII toewin VIII.

X
KATRANGAN.

1. Angkanipoen tetep ngangge angka Arab:
١ ٢ ٣ ٤ ٥ ٦ ٧ ٨ ٩ ٠

Manawi preloe, angka Roem toewin angka Wlandi inggih kenging dipoen anggé:
I. II. III. IV. saladjengipoen.
1. 2 3. 4 „ .

2. Pada oetawi tanda sanesipoen preloe kawontenaken, kawewahan tanda waosan Wlandi:
، ؛ . ✲ : ؟ ! ———— «————» (————).

3. Sarèhning serat-serat Djawi aksara 'Arab poenika asring sanget dipoen sloendingi temboeng 'Arab. dados preloe sanget para maos priksa woedjoeding aksara 'Arab waoe sadaja.

Ing ngandap poenika alifbata, katjetakaken pisan wangoenipoen mitoeroet doenoengipoen aksara sarta naminipoen.

1.	ا	ـا	ـا	ا	alif.
2.	ب	ـب	ـبـ	بـ	ba.
3.	ت	ـت	ـتـ	تـ	ta.
4.	ث	ـث	ـثـ	ثـ	tsa.
5.	ج	ـج	ـجـ	جـ	djim.
6.	ح	ـح	ـحـ	حـ	cha.
7.	خ	ـخ	ـخـ	خـ	khâ.
8.	د	ـد	ـد	د	dal
9.	ذ	ـذ	ـذ	ذ	dzal.
10.	ر	ـر	ـر	ر	ro.
11.	ز	ـز	ـز	ز	zai.
12.	س	ـس	ـسـ	سـ	sin.
13.	ش	ـش	ـشـ	شـ	sjin
14.	ص	ـص	ـصـ	صـ	çâd.

15.	ض	ـض	ـضـ	ضـ	dlâd.
16.	ط	ـط	ـطـ	طـ	thâ.
17.	ظ	ـظ	ـظـ	ظـ	ṭhâ.
18.	ع	ـع	ـعـ	عـ	'ain.
19.	غ	ـغ	ـغـ	غـ	ghain
20.	ف	ـف	ـفـ	فـ	fa.
21.	ق	ـق	ـقـ	قـ	qâf.
22.	ك	ـك	ـكـ	كـ	kaf.
23.	ل	ـل	ـلـ	لـ	lam.
24.	م	ـم	ـمـ	مـ	mim.
25.	ن	ـن	ـنـ	نـ	noen.
26.	ه	ـه	ـهـ	هـ	ha.
27.	و	ـو	ـو	و	wau.
28.	ى	ـي	ـيـ	يـ	ja.

Ing ngriki tjeta sanget bilih aksara ڮ پ ڊ ڤ چ ڠ ڟ boten wonten ing alifbata 'Arab; aksara poenika namoeng rékan (dipoen réka), kagatoekaken kalijan swara (aksara) Djawi.

Terkadang aksara ه ingkang doemoenoeng wonten ing poengkasaning kalimah dipoen soekani titik kalih (ـة ة), kala-kala dipoen oengelaken kados ت. poenika

manawi asalipoen saking temboeng 'Arab.

Aksara ک kala mangsa kaserat ڬ.

4. Tanda - tanda ingkang katjetakaken ing ngadjeng poenika gadah nami pijambak:

ـَـ	fatchah	ـِـ	kasrah
ـُـ	dlâmmah	ـْـ	saknah
~	maddah	ـّـ	tasjdid
ـٔـ	hamzah	ـٓـ	boten wonten naminipoen; rékan (dipoen réka).

P È N G E T:

Manawi pranatan salebeting serat poenika kagalih taksih kirang tjeta, boten wonten pakewedipoen, bilih ا ى و karangkepan ـَـ ـِـ ـُـ, sarta tanda ـْـ ـّـ dipoen angge oegi, toemrap temboeng ingkang kagalih angel pamaosipoen, awit pikadjenganipoen serat poenika namoeng nggampilaken waosan mawi patokan ingkang tetep, langkoeng - langkoeng kangge njerati temboeng 'Arab oetawi sanesipoen, kedah mitoeroet seseratanipoen temboeng waoe.

— WEWAHAN. —

Temboeng temboeng ingkang oemoemipoen kaserat beda kalijan patokan ing ngadjeng poenika, katah kemawon; kadosta :

ايڠ	kaserat	اڠ
ماها	„	مها
كاڠ	„	كڠ
لان	„	لن
ايڠكيه	„	اڠكيه

toewin sanes sanesipoen

Temboeng ingkang makaten poenika kenging oegi kaserat mitoeroet ingkang sampoen oemoem waoe. Sampoen limrah satoenggal toenggaling basa poenika wonten sawatawis temboeng temboengipoen ingkang nresel saking patokan.

ايڠكاڠ مينوليا. تمتو بوتن بادي ديڤون ساءو ڽياه اڠ سانيس، جر كيتا سامڤون ڠاكني كالبت اڠ ڮاريس اسلام. ماوى بوكتي ايڠكاڠ ڽاتا. ڤوناڤا كيتا بادى ڠوڠكيري ؟ او، دوسا مناڤا ايڠكاڠ كيتا ڤادوسي ؟ كيتا راء ايڠكيه ڠاكني، ناليكا كاسر يڤاهان اوتاوي ناليكا نيكاحان، ڠاڠكي تاتا چارا اسلام. ڤوناڤا چكاڤ ناموڠ كاليه وارني ڤونيكا كيماوون، كاڠكي بوكتى كااسلامان كيتا ؟

ساونيه وونتن ايڠكڠ ماستانى. كااسلامان كيتا ڤونيكا تيڠيس ساڠت. كيتا واجب ناڠكولاڠى ڤاماڠكيه ڤونيكا سارانا نيندا كأكن كوواجبان كيتا اڠ ڮاريس اڮامي، وكاسان بادى ڤيكانتوء ڤاڤان كالوهوران ساكيڠ ساوابيڠ اڮامى اسلام ايڠكاڠ موليا.

(موڮي٢ (الله تعـالى) ڽمباداني.)

سوميڠكير ساكيڠ ساڤو دندانيڠ نا ݢاري، دومونوڠ ووالس سامي سانالیکا اڠ دوڤا ڤونيکا.

تومراڤ اکامي ووالس ڤونيکا، ساهي اوتاوي اوون، چينداڠ وونتن اڠ زمان اخير، ايڠ زمان لاڠکڠ. بوتن ڠرماهوسي لينولو، سايا اندادرا تينداٸيڤون. کاسڠسم داتڠ ݢياريڠ دوڤا، سوڤي ڤرانانان اکامي، تينراء تينراجاڠ ڤورون. ماناوي کاتيتي ڤريکسا سايستو، اڠ ساماڠکي ايڠݢيه سامڤون وونتن ووالس ڤونيکا، محال يين بوتنا، ناموڠ تراجاڠيڤون الوس ساڠت؛ ليمرا هيڤون تياڠ بوتن ايڠکال رماهوس کاداواهان ووالس. ڤراميلا تياڠ ايڠکاڠ ديريڠ ماتب ايمانيڤون، تکسيڤون کاڤيتادوسانيڤون ديريڠ ماڤان سايستو، کامڤيل ساڠت ݢومبواڠيڤون، مدال ساکيڠ کاريس اکامي.

دوه ساديريك مسلمين کاکوڠ ڤوتري! ايباتا بادي لوهوريڤون قوم کيتا، ماناوي سادايا سامي ڠمن ڠمناکن داتڠ کوواجيبان، نينداکأکن ڤرانانان اکامي

ڤارا سادیریك تمتو سامڤون سامی وونیڠا، بیلیه اڮامی اسلام ڤونیکا تینوروناکن کاڠبکي وکاسانیڠ اڮامي، دادوس سامڤون سالڕ سیڤون، اڮامی ڤونیکا کاتوروت اڠ ڠاکاڤطاه؛ ڤیتاڠان چاچاه جیوا اڠ ایندونیسیا ڤونیکا ایڠکاڠ کاڤطاه ڤیامباء قوم اسلام.

یین کاکاڤطوکاکن کالیان ڤاڤریتاهان ناگاری، ایڠکاڠ کاڤراناتان ماوي ویت، اڠ موڠکا لاجڠ کاراووهان ڤاڠاکڠ ایڠکال، لیمراهیڤون ڤاڠاکڠ ڤونیکا ڠلاجڠاکن تومیندائیڤون اونداڠ٢ واهو؛ ساواتاویس لامینیڤون ساوك کرسا ڠیواهي اوتاوي مواهی میتوروت زمانیڤون، تڮسیڤون سالامڤاه کالیان ڤیکاجڠیڠون زمان. لاه ڤونیکا کداه دیڤون توروت اڠ ڠاکاڤطاه؛ سینتن ایڠکاڠ بوتن ماهیلو، ڤورون٢ نراء ووالڕ ناگاری، بوتن واندی نامڤی ڤاوکومان.

ڤوناڤا کیتا بوتن بادی میتوروت ڤراناتانیڤون ڤاڠاکڠ ایڠکال ڤونیکا؛ رأ ایڠکیه ڠوڤادوس ساکیت، یینتا کیتا نراجاڠا. تاتا لاهیریڤون تیباڠ ایڠکاڠ نراء ڤڤاچاء ناگاري، بوتن بادی ساکد

تولادڨا واهوسان .

✻ اڬامي ✻

كالا كينانيڤون تياڠ ايند و نيسيا ڤونيكا سامي ڽباه داتڠ كاجڠ اڽڠ، سيلا٢ اوتاوى داتڠ سانيسيڤون، ايڠكاڠ كالاڠكيڠ ڽاداه ڤاڠو واهوس، ڠو واهوسي داتڠ باداناڤون، مو ربا ميسيا داتڠ كساڠيڠون. كاڤيتادوسان ما كاتن ڤونيكا بوتن تومراڤ ايڠ ڠريكى كيماوون. ناڠيڠ سومبار اڠ ساإبند ڠيڠ جا ڬاد.

داتڠيڤون تياڠ هيندو اڠ ڠريكي مولاڠا كن اڬامينيڤون ڠاتوس ڤينتن٢ اتوس تاهون سومبار اڠ تاناه ايندونيسيا. كاتوڠكا داتڠيڤون اڬامي اسلام، سافريكى واتاويس سامڤون لاڠكوڠ ساكيڠ نم اتوس تاهون.

داتڠيڤون بوڠسا ايروڤا ايڠكيه مولاڠاكن اڬامي، سومبار ايڠ تاناه كيتا.

ساتوڠكال توڠكاليڠ اڬامى واهو سامي مدارا كن وولاڠان، ميتو روت ساكيڠ كتاب سوچي. أوواتون كتاب سوچي.

بادى مدال

بوكو «واهوسان جاوى اڠكڠ ڠاڠڮي اكسارا عرب (ڤيكون)» رينڠڮا ڠاڠڮي ڮامبار. اڠكڠ ڠيڠڮالاكن كاڠڮي مولاڠ داتڠ ڤارا لارى٢ اڠ سكولاهان.

سها كتاب٢ ڤانوتون كاڠڮيه ڮورو، سأمنيكا ساوك اڠ ڤاڠچاڤان.



كاودلا كن دينيڠ:

ڤاڠچاڤان «ڤنيليه»

سورابيا.

BOEKHANDEL & DRUKKERIJ
„PENELEH"
PENELEH 74 — SOERABAIA.
(BLAKANG ANIEM).



Menerima pekerdjaän segala matjam pertjetakan (Drukwerk), seperti: Soerat, Etiket, kantong, boekoe-boekoe dan Orgaan. Harga pantas.

Medjoeal kitab-kitab oentoek pengadjaran di sekolahan2 rendah dan pertengahan, dan kitab2 Igama Islam. Prijscourant bisa dapet G r a t i s.

Menerima pekerdjaän membindel boekoe dan menerima pesenan memboeat Cliche dan stempel karet, dengen harga jang ringan.

Soeka mendjoealken kitab2 dengan Commissie. Dan soeka menerima pengarang2 poenja karangan, dengan perdjandjian jang pantas serta menjenangkan, asal berfaèdah bagi oemoem.

Silahkanlah Toean2 dan Njonja2 beroeroesan dan menjaksiken.

